**«НЫ ЗАКЪОР АРЫ…»**

**Зезыщ:**

*Ны. А гущы1эр гущы1э лъап1.*
*Фэбагъэу хэлъыр тыгъэм ыч1ап1.*
*Ным нахь лъап1э тыдэ къипхын.*
*Ным нахь гук1эгъу хэт у1ук1эн.*
*Игуфэбагъэ хэти тек1он.*
*Игук1эгъугъэ сыдым пэпш1ын.*

*Ц1ыфым и Дунай нэфынэ къежьап1эу и1эр – Ныр ары, псэ зыпытэу ащ къытехъуагъэхэр зэк1э зэзыпхыхэрэри Ныр ары. Ным илъфыгъэхэм ш1улъэгъу мыухыжьэу афыри1эр зэбгъэпшэн плъэк1ын к1уач1э щы1эп: Хым фэдэу куу, Ч1ым фэдэу гъунэнчъ, Тыгъэм фэдэу укъегъэфабэ, уищы1эныгъэ гъогу къегъэнэфы, к1уач1э къыпхелъхьэ, акъылыр 1ашэу къыбгуелъхьэ.*
*К1эк1эу къэп1он зыхъук1э, Ныр – щы1эныгъ!*
*Ным ш1улъэгъэу илъфыгъэхэм афыри1эм ык1уач1э зынэсырэр, зыфэдэр ахэтэлъагъо адыгэ литературэм.*
*Мэхъош Руслъан и поэмэу «Щахьыгъэп, щэнэбзэп, адыгабзэп…» зыфи1орэм ар дэгъудэдэу къыхэщы.*
*Уныбашъок1э мэзибгъо къепхьак1ынышъ,*
*Къин мыгъуаек1э ар п1унышъ, улэжьынышъ*
*Шъхьафитныгъэм, нэу – хэгъэгум якъурмэнэу*
*Лъфыгъэ закъори яптыныр къины дэд.*
*Нэбгырибл хъумэ адэ ар сыд фэд?!*
*Пшъхьэ уфитэу, угу уфитэу уахэдэнэп.*
*Ащыщ закъуи ппэ1эпчъэнэу афэудэнэп.*
*Плъэк1эу ащ язы1эхъуамби бгъэузынэп,*
*Афэпш1эщтыр щыбзэ нэдык1э узынэп… -*
*Ащыщ гори сыды мылъкук1и яптынэп!*
*Ау къэхъущтыр хэхыгъахэу ар тхьа 1офмэ?*
*Пп1угъэ пэтзи къырык1ощтым уфимытмэ?*
*Лъфыгъэм ыпсэ ухъумак1оу арепэсмэ, -*
*Къарык1ощтыр – уинасыпы къызэрехь…*
*Бэрэ лъфагъэр … - бэрэ мэгъы, сыд гонахь!*
*Лъфыгъэм икъин ппэк1эк1ыныр бэу бэлахь!*
*Ныр гумэк1эу, ныр мызагъэу –*

*мэхъэшаеу гум зэхеш1э,*
*Гум римыхьэу, гум ымыштэу шъхьэм зырещэ…*
*Къыгъэдыкъэу пкъы фэбагъэр лъакъом нэсы,*
*Ным ынэпс гъотк1о щыугъэу къылъэ1эсы…*

**Зезыщ:**

Непэ тизэ1ук1эгъу игущы1э зыфэгъэзэгъэщтыр адыгэ бзылъфыгъэр ары, ныр ары.

Сыдыгъуи ц1ыфыр дэхэныгъэм фэщагъ. Ащ гухахъуи, гуш1уагъуи къыреты. Джыри сабыир кушъэм хэлъызэ, дэхагъэр зэхиш1эу регъаш1э. Янэ-ятэмэ, янэжъ-ятэжъмэ орэдэу къа1орэмэ ащ чэфыгъэ къыраты, инэш1о- ш1уагъо хахъо феш1ы.

Ынибжь зэрэхахъорэм елъытыгъэу, тыкъэзыуцухьэрэ природэмрэ ц1ыф обществэмрэ зэхэш1ык1ыныгъэ афыри1эу, ахэмэ ахэхъухьэрэ 1офыгъо зэфэшъхьафхэр къыгуры1охэу мэхъух, гулъытэу и1эхэм ахахъо, заушъомбгъу, игупшысэ – гулъытэхэр мэчаных.

Ц1ыфхэм яшэн-хабзэхэр, ягулъытэ-гупшысэхэр зэрэзэфэмыдэм фэдэу, дахэ зыфэп1ощтым имэхьанэу еплъык1эу фыря1эри зэфэшъхьафы. Дэхагъэр хэти зэхаш1эу и1эм елъытыгъ къызэрэгуры1орэр, ащ уасэ зэрэфиш1ырэри. Зым ш1одахэу ыгук1э зыпэблагъэр, ыгъэлъап1эрэр, адырэм ыштэрэп, пхъэтэпэмыхь еш1ы. Джащ тетэу дунаир рек1ок1ы.

Гук1эгъур, ш1улъэгъур, 1эдэбныгъэр, дунэе еплъык1э тэрэзыр, гупшысэ-гулъытэчаныр, дэхагъэм, ц1ыфыгъэм ишэн-шапхъэх, дэхагъэм игъунджэ нэкух. А дэхэгъэ псэур къызхафэрэр бзылъфыгъэр ары.

**Мэк1-мак1эу къэу орыдыр  - А сидахэу дэхэц1ык1у.**

**Зезыщ:**

Бзылъфыгъэр зыхэмыт дунаир ш1унк1ы, гуш1огъончъэ, гуштэгъуай, сыда п1омэ ар нэфым гуш1уагъом, фабэм изехьак1у. Ным ыпсэ къуапэ къыхэмык1ыгъэ к1элэ батыри, л1ыхъужъ ц1эры1уи, пшъэшъэ ялыий, ц1ыф акъылыш1уи, анахь 1эпэ1аси щы1эп.

**Гущы1эр ятэты: ______________**

**Чтец:**

Ныхэр мэгумэк1ых, жьыщэу тыкъэтэджмэ.

Ныхэр мэгумэк1ых псынэм тшъхьэ итщаемэ,
Щэ дэмылъми, шхончым игъэтыр къатщэми.
Ч1ыгум ехыжьыгъэми ныхэр мэгумэк1ых…

/ Нэхэе Р./

**Чтец:**

**«Синэнэ 1эш1у»**

Чэщы мычъыеу о къыздэпхьыгъэр,
Орэды 1эш1оу о къысфэп1уагъэр,
Сыдырэ уахътэм сщигъэгъупшэна?
Сщыгъупшэхэнэп, синэнэ 1эш1у.
Тыгъэм ифаби о къысэптыгъ,
Жъуагъом инури о къысэптыгъ,
Нахьыш1оу щы1эр о сфэбгъэш1уагъ.
Ар сщыгъупшэнэп, синэнэ 1эш1у.
Хьяр къысэхъул1эмэ узэпэш1эты,
Сэ сылъэпаомэ угу елъэты,
Оуигук1эгъуи гъунэ имы1.
Ар сщыгъупшэнэп, синэнэ 1эш1у.
Сэ сыгу къихьэрэр о п1упэ телъыгъ,
Акъылы зак1эу о узэхэлъ,
О къэбгъэш1агъэр щысэтехып1.
Ар сщыгъупшэнэп, си нэнэ 1эш1у.
Къин къыздэплъэгъоу о сыуп1угъэшъ,
Гъэш1энэу си1эм сыпфэрэзэщт.
Сыгу къыпфилъэр ш1улъэгъу 1эш1ушъ,
Узгъэук1ытэщтэп, синэнэ 1эш1у.

**Зезыщ:**

«Ным ыбгъашъо шъоум нахьи нахь 1эш1у,» - е1о адыгэ гущы1эжъым. Илъфыгъэк1э Ныр – Жьы къабз, Псы 1эш1у, Тыгъэ нэфын. Ныр е1эфэ лъфыгъэм зэк1э и1, ар имы1эжьы зыхъук1э – идунай зэжъу мэхъу. Ным илъфыгъэ фиш1эщтым фэдэ хэти къыфиш1эн ылъэк1ыщтэп, ащ ыш1эрэм уасэ гъэнэфагъэ фэпш1ын плъэк1ыщтэп «Ным лъэгук1этын зыфэш1» - адыгэмэ а1о.

**Чтец:**

Ны. А гущы1эр гущы1э лъап1.
Фэбагъэу хэлъыр тыгъэм ыч1ап1.
Ным нахь лъап1э тыдэ къипхын.

Ным нахь гук1эгъу хэт у1ук1эн.
Игуфэбагъэ хэти тек1он.
Игук1эгъугъэ сыдым пэпш1ын.

Мы сатырхэр зэхэзыхырэм ыгу лъэ1эсых. Ным ехьыл1агъэу орэдыбэ, гущы1эжъыбэ щы1. Ныр нэм фэд а1о. Нэр уимы1эмэ дунаир мэзахэ, джащ фэд ны уимы1эмэ дунаир гук1эгъунчъ. Ны уимы1эмэ гук1эгъу хэт къыпфиш1ын, ным гупц1энагъэу и1эр «Синан» зыфи1орэм игущы1эхэмк1э Жанэ Къырымызэ къыри1отык1ыгъ.

**СИНАН- орэд клип.**

**Зезыщ:**

Адыгэхэм анахьэу шъхьак1афэ зыфаш1эу апэ рагъэшъыщтыгъэр ныр ары. Ар къеушыхьаты «Хьатх Мыхьамэт ищысэ псалъ» зыфи1орэм.
Ным шъхьащэ фэсш1и сыкъызэшэсым
Ынит1у нэпсыр слъэгъоу къэчъагъ,
Шъузым къэлапчъэм сыкъызынэсым
Ынит1у гуш1оу къыск1элъыплъагъ.
Арышъ ным игумэк1 игук1эгъу ебгъэпшэн щы1эп. Ык1э заджэхэрэр ц1ыфыр зып1урэр ары. Насыпы псалъэу ным къытпигъохырэр: « Тхьам къытщефэ сик1алэ гупс». Лъэпкъым лъапсэ фэзыш1эу ыбзэ зыгъэдахэу, лъызгъэк1уатэу, къэзыухъумэрэр ныдэлъфыбзэр ары. Ныр ары лъэпкъым къырык1оштыр, ыбзэ ищы1эныгъэ лъзгъэк1отэщтыр, ш1у язгъэлъэгъущтыр, зыгъэпытэщтыр. Джары гущы1эжъэу «Ныр лъэпкъым ипкъэу» зыфи1орэм зэфэхысыжь зык1иш1ырэр.

**Чтец:**

**Ным иорэд.**

Ным иорэд гумк1э 1эзэгъу
Зыщиузакъом укъегъэпытэ
Мык1одыжьыщтыр ным иш1улъэгъушъ.
Ренэу тэлъа1о бэрэ ти1энхэу.
Ным къыуи1оштыр хэт къыуио1н
Ащ къыпфиш1эщтыр хэт къыпфиш1эн
Анахь зыщыш1унк1ым къыпфегъэнэфы
Ыгу илъыр ренэу фэбэ зэпыт.
Ны ш1улъэгъур хым фагъадэ, щымы1ахэу фэдэ а1о. Л1эшъэгъу пчъагъэу акъылыбэ ны гук1эгъум фэусагъ.

**Клип: Орэд «Гъэ мин огъаш1» Р. Тлецери.**

**Зезыщ:**

Ны – ц1ыф лъэпкъым итыгъэ бзый, остыгъэ нэф, лъэпкым икъежьап1, щы1эныгъэр лъызгъэк1отэрэ ц1ыф.

**Усэ къеджэх –**

**Зезыщ:**

Шъыпкъэ, гукъао нахь мыш1эми нэжыгъэм уегугъуми шъхьэлъэ ш1ой къыхэк1эу мэхъу. Ащ фэдэхэм ащыщын фае к1алэу ным ыгу къизытхъи пшъашъэм фезыхьыжагъэр.

**Инсцинировкэр:**

**«Тянэхэр»**

**Авторыр:**

Сым исурэтк1э алъытэу
К1алэми гъогу рамытэу
Чъэпыпси тырамыгъах1эу
Зэ щы1агъ зы пшъэшъэ дахэ
Псэлъыхъо к1элэ ялыеу
Сыд фэдэ 1офи къемылэу
Зэк1ужьэу пшъашъэм фыкъок1ыы.

**(К1алэр пшъашъэмди ехьэ)**

**К1алэр:**

Уимафэ ш1у!

**Пшъашъэр:**

Тхьауегъэпсэу. Къеблагъ. Къэт1ыс.

**К1алэр:**

О пшъашъэр сыгу урехьы. Шъхьагъусэ о зыр къысфэхъуи.
Плъэк1ыщтышъ ар къыздэгъэхъуи, пфэсш1эн зэк1э узфаер.
Сыемэ, остын дунаер.

**Автор:**

Дахэми пшъашъэр мэхъаджэ
Ащ ыгу къэк1ыгъэр ш1эпхъаджэ.

**Пшъашъэр:**

Уишъыпкъэу укъысфэдэгъумэ, ш1у дэди о сыолъэгъумэ?
Уянэ о ыгу къысфы1ыхи, сыбдэк1ощт, ау - къысфахьых.

**Автор:**

К1алэр янэ дэжь мэк1ожьы епэгъогъохэу мэ1ысты. Ным ышхыныр къыфештэ, ау к1алэр фашхэрэп.

**Ныр:**

А сик1ал, сыдэу ушъуагъуа? Сыоплъышъ зи шъо уи1эжьэп. Сыуянэ пэтзэ усш1эжьрэп.

**К1алэр:**

Ш1у дэдэ зы пшъашъэ слъэгъугъэ. Сэрк1э ар узы хъугъэ.

**Ныр:**

Адэ плъэгъугъэмэ къащэ, пфэсш1ынба, сик1ал, нысащэ.

**К1лэр:**

Ары шъхьаем зы сыкъегъанэ. Ос1ощтым сыгу зэк1егъанэ.
Къэп1онк1э ар мэхъэшагъо, хъугъэнэп нахь тхьамык1агъо

**Ныр:**

А сик1ал аущтэу умы1о, уофыр зытетыр къыса1у.
Узгъэл1эхэнэп сыоплъэу, зи къэзгъэнэнэп с1э илъэу.

**К1алэр:**

Ос1ощт шъхьай сыбзэгу къыхьына, уигонахь сэ сыхэхьанба.
Къыздэк1ощт угу сэ ащ фэсхьымэ, к1о къа1о о ар мыхьэмэ.

**Ныр(нэкунэпсэу):**

Къыпфэк1уагъ тхьамык1эгъошхо, сиаджал сэ а пшъэшъэ блашхъор. Адэ сыдэу зысш1ына, сыоплъызэ о узгъэлъэна.

**(Т1ури зэгъусэу ек1ых)**

**Автор:**

Т1эк1у теш1агъэу гур ы1ыгъэу к1алэр къэщэным дэжь ежьэ.
Мыжъошхо гъогум телъэу 1ок1э.

**Гур къэгущы1э:**

А нынэ утемыфэнэу,
Сыгуи п1эпымызынэу,
О мэк1э-мак1эу к1озэ
Къэухь мо мыжъор фэсакъэу.

**Автор:**

Шъузэдэ1угъэр шъо пшысэ,
Ау хэти регъэгупшысэ
Куу дэдэшъ ащ имэхьанэ
Ны лъэпкъыр зэлъегъэины.

**Гуттэ Саниет иусэу «Ным иш1улъэгъу» - къэджэх –**

**Зезыщ:**

Непэ тиныбжык1эхэр ны зэрэхъущтхэр зыщагъэгъупшэ хъущтэп, ащ фэш1 шъхьалъытэжьыныгъэ дахэ ахэлъэу, я1эдэб, янэхъой къаухъумэн фае. Шъхьэмылъытэжьыныгъэм лъэпкъыр еуш1ои. Ныбжьык1эхэм гуш1огъуабэ ныхэм къафэтхьэу, насыпыш1охэу зядгъэлъытэжьэу, ямафэ нэфэу, чэфэу, мыхъун къафэтымыхьэу, тызэралэжьыгъэм рык1этымыгъэгъожьхэу, тызэрап1угъэузэк1эри дэгъоу щыдгъэ1энхэ фае. Ны щымы1эу зи л1ы хъурэп. Тэжъугъэгъэлъап1э ащ фэдэ ц1ыфыр.

**Зезыщ:**
Хэта дахэк1э тхыдэм хэхьагъэ.
Ц1ыфыбэмэ ш1ук1э зыц1э ра1уагъэ,
Пе1эщты дышъэм хэта нахь лъап1эр?
Хэта унагъом ихъяр къэк1уап1эр?
Тянэхэр арых. Тянэхэр арых.

**Зезыщ:**
Ным фэгъэхьыгъэ къэгъэлъэгъонэу лэпкъ музеим ч1этым икъу фэдизэу гум нэсэу ным джэныкъо маш1ор ымыгъэк1уасэу ц1ыф лъэпкъым ифэбап1эу, щы1эныгъэр лъызгъэк1отэрэ ц1ыфэу зэрэщытыр икъу фэдизэу къыплъегъэ1эсы. Ныр зыгъэлъэп1эрэ ц1ыфым егъэш1эрэ щытхъур фэшъуаш. Ныр дунаим зэ щыогъоты!

**Инсценировкэр:**
**Гупшыс «Ны ш1улъэгъу»**
**Авторыр:**
- Пчыхьэм, чъыежьынхэм ыпэк1э бэрэ гущы1агъэх нымрэ пхъумрэ ш1улъэгъуныгъэу зэфыря1эм. Пхъур нахь гу1эщтыгъэ.
- А си нан сэ ш1удэдэ узэрэслъэгъурэр
- Аущтэу о1о шъхьай узыдак1ок1э сыпщыгъупшэжьын нынэ.
- О, нан, п1орэр сыд! О уизакъоу укъэзгъэнэни сыдэк1она, зыгорэм ик1алэ!
- А си пшъашъ, адыгэмэ а1о дэмык1он пшъашъэрэ, къэзымыщэн к1алэрэ тхьэм къысерэмыт. Арышъ уинасып къыч1эк1ымэ ар блэмыгъэк1.
- Аущтэу хъумэ моджэ къэсщэщт нахь сыдэк1ощтэп. Хьау сыфаеп зыми. Хэтык1и о усхъожьыщтэп, ищык1агъэ хъумэ семыгупшысэжьэу спсэ фэстын , синан.
- А нынэ сыд п1орэр? Псэм нахь лъап1э дунаим тетэп, ащ сэмэркъэу раш1ырэп.
- Сысэмэркъэурэп сэ.

**Авторыр:**

Остыгъэр къагъэк1осэжьи гъолъыжьыгъэх, зыщыхэчъыещтхэм ц1ык1у-ц1ык1оу зыгорэм пчъэр къы1уихи псэхэхыр щэмэджыр ытамэ телъэу къихьагъ.
- Ай!...
**Авторыр:**
Къэкуагъ пшъашъэр, ным зи ымы1оу щылъ.
- Хэт шъуит1у яззу ыпсэ хэсхыщт яупч1ыгъ псэхэхыр.
- Сэрэп, сэрэп, моры, къыо1агъ пхъур янэ 1апэ фиш1ызэ.
- Адэ оры, о сыд къэп1ощт?
- Зыгорэм ыпсэ тит1у яз хэмыхымэ мыхъуштмэ, сэ спсэ хэх, зиусхьан.
**Зезыщ:**
Джэнэтыр ным ылъэгу ч1эгъ ч1элъ. Джэнэтыр зыдэщы1эр амыш1эу дунаим тет ц1ыфхэр бэш1агъэу егъэгумэк1ых, ау егъаш1эм ар зыдэщы1эр къаш1агъэп, къаш1энэуи гъэпсыгъэп. Ау сэ дэгъоу сэш1э «Джэнэтыр ным ылъэгу ч1эгъ ч1элъ».
Пкъышъолым тыхэлъэу ным тыкъырехьак1ыфэ, ыкуашъо тытесэу тыщегъэш1офэ, джэнэтым тисэу къэтэхьы. Ет1анэ гъаш1эм игъогууанэмэ тащиухъумэу, тыдэ тык1уагъэми, ныр опсэуфэк1э, ыгук1и ыпсэк1и тауж итэу къыддек1уахьы къысщэхъу.
Дунаим ны къытехъуагъэп,
Исабый орэд къыфимы1уагъэу.
Ау къасш1эрэп хэти илъфыгъэ
Ным орэд къыфи1ожьыгъэу
Ау икъоу къысфэмы1уагъэм
Джынэс сегъэгумэк1ы.
**Клип: Орэдэу «Сянэ иш1улъэгъу» С.Зекох.**
**Зезыщ:**

Тикъуаджэ ц1ыф губзыгъэхэр, ижъырэ орэдыжъхэр лъэпкъым къырык1уагъэм итарихъ къыра1отык1эу, тхыгъэу щымы1эхэу жэры1о 1оры1уатэм щыщэу зыш1эхэрэу мымак1эу дэсых. Ахэмэ ащыщ К1эрэщэ Хъаные. Хъаные гущы1эр фэтэгъэшъуашэ.

**Зезыщ:**
**Къэгущы1эн щы1эмэ гущы1эр ятэты.**
**Клип: орэдэу «Адыгэ пшъашъ»**
**Зезыщ:**
**Усэу «Бзылъфыгэхэм ямэфэк1» - къеджэх**
**Зезыщ:**
**Къаш1у - Бжъэдыгъу зэфак1у.**